

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Komunikasi verbal manusa diwujudkeun ku omongan nu ngandung pikiran lengkep nu disebut kalimah. Dina kalimah dikandung rasa, pikiran, jeung kahayang panyaturna (Sudaryat, 2014, kc. 106). Kalimah mangrupa salah sahiji wujud komunikasi basa nu pangnyatana. Putrayasa (2010, kc. 20) ngébréhkeun yén kalimah nyaéta satuan gramatikal anu diwatesanan ku ayana jeda panjang sarta dituturkeun ku naék atawa turunna nada. Kalimah digunakeun ku panyatur pikeun ngébréhkeun émosi, pikiran, gagasan, eusi, kahayang, rasa, ogé salaku pakakas interaksi jeung adaptasi sosial antar manusa. Ébréhan unggal fungsi kalimah bisa béda-béda. Kalimah nu dipaké dina komunikasi bisa mangrupa kalimah déklaratif, kalimah interogatif, kalimah imperatif, jeung kalimah éksalamatif dumasar kana wangun sintaksisna (Alwi, 2003, kc. 325).

Minangka fungsi kalimah, kalimah pananya (interogatif) umumna miharep jawaban mangrupa omongan, jawaban boh sacara verbal atawa lingual, boga eusi jeung fungsi utama pikeun nanyakeun (Sudaryat, 2009, kc. 264). Nurutkeun Rahardi (2005, kc. 76-78), kalimah pananya ngabogaan maksud nanyakeun hiji hal ka nu diajak nyarita, nu ngabogaan maksud pikeun mikanyaho jawaban ngeunaan hiji hal. Kalimah pananya biasana ditandaan ku tanda pananya atawa tanda tanya (?) nu jadi ciri pangbéda jeung kalimah lianna. Dumasar dua pamadegan di luhur katitén yén kalimah pananya atawa kalimah interogatif nyaéta kalimah nu ngabutuhkeun réspon mangrupa omongan atawa jawaban nu sipatna verbal atawa lingual ti lawan tuturna. Fungsi utama dina kalimah pananya (interogatif) nyaéta nanyakeun hiji hal sangkan meunangkeun jawaban.

Nalika prosés komunikasi ngagunakeun kalimah pananya, tangtu ngaliwatan sawatara wangun média anu dipaké nyaéta média lisan atawa tinulis. Kalimah pananya bisa kapanggih dina téks fiksi atawa téks nonfiksi. Dina ngama'naan hiji kalimah pananya nu mangrupa omongan boh sacara lisan atawa tinulis, tangtu ngabutuhkeun waktu sangkan bisa meunangkeun jawabanana. Sacara umum, boh karya sastra lisan atawa tinulis ngabogaan kalimah pananya dina eusina. Waktu nu dibutuhkeun nalika hiji jalma bisa ngahartikeun atawa ngama'naan kalimah pananya tangtu béda-béda, gumantung kana kontéks, objék atawa subjékna.

Salah sahiji média dina larapanna kalimah pananya sacara tinulis tur bisa dilisankeun nyaéta naskah drama. Wicaksono spk. (2018, kc. 1) nétélakeun yén naskah drama mangrupa jenis karya sastra nu dipikaresep ku masarakat. Dina naskah drama kapanggih rupa-rupa kalimah pananya. Kitu deui, dina naskah drama “Tarung” karya Nunu Nazarudin Azhar, kapanggih sawatara kalimah pananya. Pikeun ngama'naan maksud kalimah pananya, perlu paham kana struktur jeung kontéks situasina. Ulikan struktur kalimah pananya nyoko kana pola-pola kalimah (sintaksis). Ari ulikan kontéks situasi kalimah pananya nyoko kana ulikan pragmatik.

Panalungtikan anu patalina antara kalimah pananya dina ulikan pragmatik kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé, (1) “Adegan Kalimah Pananya dina Novél *Lain Éta* karangan Moh. Ambri” (Tejaningrum, 2002); (2) “Kalimah Pananya dina Novél *Mercedes 190* karangan Moh. Rustandi Katakusuma” (Sukaesih, 2004); (3) “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* Karangan Duduh Durahma” (Kharisma, 2008); (4) “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Naskah Drama Sunda karangan Siswa Kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2010-2011” (Mardhayanty, 2011); (5) “Kalimah Pananya dina Novél *Kolebat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* karangan Tatang Sumarsono” (Arliana, 2013); (6) “Kalimah Pananya dina Novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi” (Wardiana, 2018).

Sacara umum, panalungtikan di luhur boga sasaruaan nyaéta nganalisis kalimah pananya ngagunakeun ulikan pragmatik . Panalungtikan nu dilakukeun ku Dicky Arliana (2013) jeung Rima Wardiana (2018), museur kana analisis kalimah pananya

dina novél Sunda. Ari panalungtikan ngeunaan kalimah pananya dina naskah drama Sunda can kungsi aya saméméhna, iwal ku Endhang Mardhayanty (2011) nu nalungtik naskah drama karangan siswa, ari naskah drama karangan sastrawan nu sok diaprésiasi jeung dipagelarkeun can kungsi ditalungtik.

Ditalungtikna naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar, ku sabab ayana rekoméndasi dina panalungtikan saméméhna sangkan bisa nalungtik adegan pragmatis kalimah pananya dina karya sastra Sunda, saperti naskah drama (Wardiana, 2018). Lian ti éta, dipilihna naskah drama Sunda nu judulna “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar, ku sabab ieu naskah téh sok dipaké pagelaran drama, kaasup pernah dipagelarkeun ogé ku panalungtik. Aya kahariwang nalika ngahartikeun hiji dialog dina naskah drama Sunda “Tarung” ieu, diantarana waé sieun salah ngahartikeun nu balukarna bisa mangaruhan kana unsur lianna. Ku kituna, perlu aya panalungtikan “Kalimah Pananya dina Naskah Drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar” ngagunakeun ulikan struktur jeung pragmatik. Ulikan pragmatik jadi salah sahiji cara keur bisa manggihan solusi dina ngam’naan kalimah pananya dina hiji naskah drama Sunda nyaéta naskah nu judulna “Tarung”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, bisa dirumuskeun sababaraha masalah. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangu pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar?
- 2) Kumaha wanda pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar?
- 3) Kumaha ma’na pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar?
- 4) Kumaha tahapan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar?

- 5) Kumaha prinsip kasopanan kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan boga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana masalah nu dipedar di luhur, sacara umum tujuan diayakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung ngarumuskeun struktur sarta aspek pragmatik kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeyun lima hal, nyaéta:

- 1) struktur kalimah pananya anu ngawengku pola-pola kalimah, fungsi, katégori jeung peran unsur fungsionalna dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar;
- 2) wanda pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar;
- 3) ma’na pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar;
- 4) tahapan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar;
- 5) prinsip kasopanan kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara tioritis atawa praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi jeung pangaweruh anu leuwih dina widang élmu katatabasaan sarta bisa ngeuyeuban paélmuan tatabasa Sunda anu patali jeung tiori pragmatik, hususna ngeunaan kalimah pananya dina naskah drama Sunda nu judulna “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nu maca, panalungtik, guru, jeung siswa.

- 1) Pikeun nu maca, hasil panalungtikan bisa apal kana jenis kalimah pananya, apal kana struktur nu aya dina kalimah pananya. Lian ti éta, pamaca bisa apal kana wanda, ma’na, tahapan pragmatis, jeung maksim kasopanan kalimah pananya dina naskah drama Sunda.
- 2) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa jadi data pribadi ngeunaan déskripsi kalimah pananya, struktur kalimah pananya anu ngawengku pola-pola kalimah, fungsi, katégori jeung peran fungsionalna, ogé nambahana data dina analisis kalimah pananya ngeunaan wanda, ma’na, tahapan pragmatis jeung maksim kasopanan kalimah pananya nu aya dina naskah drama Sunda.
- 3) Pikeun guru, hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar ngeunaan aspék kabasaan, hususna aspék kabasaan dina kalimah pananya.
- 4) Pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa jadi bahan jeung sumber diajar ngeunaan aspék kabasaan dina kalimah pananya.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun jadi sababaraha bab, sakumaha nu dijéntrékeun di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat

panalungtikan nu dibagi jadi dua; mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori hal-hal nu diguar nyaéta aya tiori ngeunaan kalimah pananya nu dibagi jadi lima bahasan; struktur, wanda, ma'na, tahapan pragmatis, jeung prisip kasopanan. Anapon, tiori nu dipake dina ulikan nyaéta tiori Sudaryat (2020) ngabagi wujud pragmatis kalimah pananya jadi 13 harti. Lian ti éta ngagunakeun tiori Sudaryat nyaéta struktur kalimah basa Sunda. Tilikan prinsip kasopanan ngagunakeun tiori Leech dina Sudaryat (2016).

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode nu dipaké dina ngalaksanakeun panalungtikan. Métode panalungtikan diwincik jadi; desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrument panalungtikan, sarta téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran dina ngaanalisis data nu patali jeung rumusan masalah tur disaluyukeun jeung tiori panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikatur jeung Saran. Ieu bab medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. Aya ogé rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna sangkan leuwih hade deui.